*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№162 (26614)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 5 сентябрь – рухæны мæйы 5 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 "ИУГОНД УÆРÆСЕ" *Мæскуыйы ахадгæ æххуыс*

3 РОХÆН ÆВГЪАУ *Йæ ном цæргæйæ баззайдзæн*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Хъæбысхæст*

**Айзæлд фыццаг дзæнгæрæг**

# Ныфсджын къахдзæфтæй цæут размæ!

**Знон нæ республикæйы скъолаты райдыдта ног ахуыры аз. Æппæт скъоладзаутимæ ныр æрвылрайсом цингæнгæйæ уайдзысты Фыййаджыбылы астæуккаг скъолайы 95 ахуырдзауы дæр.**




Уыдонæй 11 чызджы æмæ лæппуйы сты фыццагкъласонтæ. Республикæйы Сæргълæууæджы номæй се ʻппæтæн дæр раттой лæвæрттæ. Ивгъуыд аз скъола æрцыд бындурон цалцæггонд, ис дзы алы уавæртæ ахуырæн æмæ хъомыладон куыстæн, йæ райдзаст кълæстæ æмæ тыргътæ æнхъæлмæ кастысты сывæллæттæм. Бæрæгбонмæ скъолайы кæрт саив кодтой. Райсом раджы хъæубæсты уынгтæ сфидыдтой хæрзарæзт сабиты хъæлдзæг уынæрæй. Сæ циныл бацин кæнынмæ æрбацыдысты уазджытæ – Æрыдоны муниципалон районы администрацийы минæвар **Плиты Таймураз**, сывæллæтты спортивон скъолайы директоры хæстæ æххæстгæнæг **Плиты Азæмæт**, хъæуы цæрджытæ.

– Айсут мæ зæрдиаг арфæ нæ сабитæ, ныййарджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ уазджытæ. Нæ сывæллæттæ амондджын бон æрбакъахдзæф кæнæнт скъоламæ. Зонындзинæдтæм тырнгæйæ нæ кæстæртæн бирæ бантысæд!, – загъта скъолайы директоры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Гаппуаты Иринæ.**

Хъæубæсты буц хистæр, педагогон фæллойы ветеран **Хъулаты Ирбег** зæрдæбын арфæ ракодта æрыгон фæлтæрæн. – Уæ дуне сабыр уæд, ахуыры бæрзæндтæм схизут, зæрдæрухс уæ куыд уой уæ ахуыргæнджытæ æмæ уæ ныййарджытæ!

Бæрæгбоны сæйрагдæр архайджытæ уыдысты фыццагкъласонтæ. Сабитæ бацæттæ кодтой æмæ аив бакастысты æмдзæвгæтæ æмæ акодтой хъæлдзæг зарæг.

Фыццаг дзæнгæрæг ныццагътой иуæндæсæмкъласон **Гутнаты Игорь** æмæ фыццагкъласон **Гайты Агуындæ** æмæ скъоладзаутæн райдыдта ног ахуыры аз.

Ирыстоны æппæт сабитæн дæр сæ фидæн рæсугъд æмæ бæллиццаг уæд!

**ФÆРНИАТЫ Мæдинæ**

# Зонындзинæдты дунемæ

**Райдыдта ахуыры аз. Фыццагкъласонтæн зонындзинæдты дунемæ балцы рæстæг, 11-æм къласмæ чи бахызт, уыдонмæ та разæй æнхъæлмæ кæсы сæ дарддæры дæсныйад равзарыны сæрд.**

Дзæуджыхъæуы, Мæрзойты Станиславы номыл 50-æм астæуккаг скъолайы къæсæрæй ацы аз фыццаг хатт ахуырмæ бахызт 36 сывæллоны. Директоры хæдивæг **Бибылты Людмилæ** куыд радзырдта, афтæмæй сæм ацы аз фыццæгæм къласы иунæг йеддæмæ нæй:



– Райдайæн къæсты ахуыргæнæгæй нæм бирæ азты дæргъы кусы **Кучиты Фатимæ Агуыбейы чызг**. Алы ныййарæг дæр фæбæллы Фатимæмæ раттын йæ сабийы, æмæ ныр се ʻппæт мадæлтæн дæр сæ бæллиц сæххæст. Сывæллæттæ нæм фыццаг къласмæ æрбацыдысты нæ республикæйы алы рæттæй. Ам цæрынц сæ нанатæ æмæ бабатæ æмæ сæ райдайæны скъолайæ хæдзармæ хондзысты, цалынмæ сæ ныййарджытæ сæ куыстыты сты, уæдмæ се ʻвджид уыдзысты. Æрæджы скъола бындурон цалцæг скодтой, ивд æрцыдысты æппæт коммуникацитæ, бæстыхайы æддаг бакаст æмæ сæр. Къæстæ сты райдзаст æмæ æппæт хъæугæ æрмæгæй ифтонггонд, – загъта Бибылты Людмилæ.

Кадджын линейкæйы архайдтой æрмæст рауагъдон къæстæ æмæ фыццагкъласонтæ, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытæ. Уымæй уæлдай ма сæм зæрдæбын арфæтимæ æрбацыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Администрацийæ **Мария Соболь**. Уый сывæллæттæм афтид къухæй не ʻрбацыд, æрбаласта сын нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы æрвылазон къæнцыларон лæвæрттæ. Линейкæйы скъоладзаутæ аив бакастысты æмдзæвгæтæ, стæй сæ фыццаг дзæнгæрæг кълæстæм ахуыдта.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

# Ноггонд скъола – сабитæн

**Дур-Дуры хъæуы ног ахуыры азы агъоммæ стыр куыст бакодтой 2-æм астæуккаг скъола бындуронæй рацаразыныл. Уæ цæстытыл ауайæд, сабитæ куыд цин кодтой се скъолайы уындæй.**

**Уæдæ сæ цин540 бацин кæнынмæ ахуыры фыццаг бон æрцыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, уый сын зæрдиаг арфæтæ ракодта, загъта, цæмæй ног ахуыры азы райгонд æмæ æнтыстджын уой. Скъолайы ноггонд æрцыдысты кабинеттæ, хæрæндон, фæзынд дзы ныркккон спортивон зал, спортæй архайыны фæз. Сабитæн сæ бон уыдзæн гуманитарон æмæ агротехникон зонындзинæдтæ исын, ис дзы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады кадетон кълас дæр.**

**Æрбацæуæг ныййарджытæ, ахуыргæнджытæ уыдтой, сывæллæттæ куыд лæмбынæг кæсынц скъолайы фæзынæг ногдзинæдтæм, кæрæдзийæн сæ куыд амонынц, уыдæттæ. Бæрæг уыд, алцыдæр уыдоны аккаг конд кæй æрцыд, уый. Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хъуамæ алы сывæллон дæр æнкъара, ахуырæн ын æппæт фадæттæ кæй ис, æппæт уавæртæ. Уæд сæ бон уыдзæн сæ арæхстдзинад, сæ гæнæнтæ равдисын, сæ размæ æвæрд нысантæм тырнын.**

**Нæ уацхæссæг**






# Фыццагкъласонтæ, æнтыстджын ут!

**Республикæйы хъæуты æмæ горæтты скъолаты знон кадджын уавæры айзæлдысты фыццаг дзæнгæрджытæ. Райдыдта ног ахуыры аз, Дзæуджыхъæуы, А. Луначарскийы номыл, 5-æм гимназы уазджытæ уыдысты горæты мэр Милдзыхты Вячеслав, æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Митциты Астан æмæ Парламенты депутат Фадзайты Арсен.**

**Милдзыхы-фырт ахуыргæнджытæн сæ æвæллайгæ фыдæбоны тыххæй бузныг загъта, фыццагкъласонтæ æмæ рауагъдонтæн та – æнтыстджын уæвын. «Скъола уын дыккаг хæдзар суæд, зонындзинæдтæ та – балцы хуызæн уæнт. Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, хæрзтæ, иттæг хорз бæрæггæнæнтæ»,-радзырдта горæты разамонæг.**

**Фыццагкъласонтæн РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы номæй балæвар кодтой ахуырæн хъæугæ къæнцыларон дзаума. Ацы ахуыры аз Дзæуджыхъæуы скъолаты партæты уæлхъус æрбаддзысты 3404 фыццагкъласоны.**

*Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ*



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **5 сентябры** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **17-22 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 13,00 | Хурыскаст — 05,29<br>Хурныгуылд — 18,30 | Валютæйы аргъ | Доллар — 86,89<br>Евро — 100,06 | 12 + |

«Иугонд Уæрæсе»

# Мæскуыйы ахадгæ æххуыс

**Парти «Иугонд Уæрæсе» алывæрсыг æххуыс кæны, зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæныны программæтыл чи кусдзæн, уыцы хъæппæристæн.**




– Æрвылаз Уæрæсейы алы рæттæй 1,5 мин дохтыры стажировкæ фæкæнынц Мæскуыйы медицинон æмæ наукон центрты, – загъта партийы Уæлдæр советы бюройы уæнг, Мæскуыйы мэр **Сергей Собянин.**

«Ахуыртæ фæцæуынц роботы хирургийæ, УЗИ, сывæллæтты дерматологи, трансфузиологи æмæ æндæр хуызтæй. Мæскуыйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады департаменты кадрты центр абоны онг суазæг кодта специалистты Уæрæсейы 30 регионæй. Уыдоны 'хсæн сты регионалон центрты разамонджытæ.

Алы регионы дæр уавæр хицæн кæны, уымæ гæсгæ сын бацæттæ кодтой зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнынæн хицæн программæтæ. Цæгат Ирыстон дæр архайы мæскуыйаг ахуырадон мадзæлтты, конференциты æмæ дискусситы. Сæрмагонд цифрæйы платформæ «Московская медицина. Мероприятия»-йы æххуысæй зындгонд дохтырты фæлтæрддзинад хæццæ кæны Уæрæсейы 550 цæрæн бынатмæ. Уымæй уæлдай, Мæскуы, 2025 азæй æххуыс кæны йæхи инновацион практикæтæй регионты æнæниздзинад хъахъхъæныны къабазæн.

Клиникон фæлтæрддзинад хуыздæр кæнынæн, Æнæниздзинад хъахъхъæнынады департамент алы аз дæр бацæттæ кæны 30-æй фылдæр методикон амынддзинæдтæ. Регионты æппæт курдиæттæм каст æрцæуы, цæмæй сæ архайд ноджы ахадгæдæр уа», – фæбæрæг кодта Сергей Собянин.

«Никæмæй у сусæггаг, Мæскуы æмæ иннæ стыр горæтты медицинон технологитæ, регионтимæ абаргæйæ, стыр санчъехтæй кæй цæуынц размæ.

– Æргом куы зæгъон, уæд уыдис ахæм рæстæг, уавæрмæ æппындæр цæстдард куы нæ уыдис нæ паддзахады, нæ дохтырты æхсæнадæй. Фæлæ фæстаг азты «Иугонд Уæрæсе»-йы æххуысæй фæзындысты æмæ кусынц программæтæ «Хъæууон дохтыр» æмæ «Хъæууон фелсыр», стæй, æнæниздзинад хъахъхъæныны æххуыс чи у, ахæм хъæппæристæ. Ацы ран стыр ахадындзинад ис Мæскуыйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады департаменты кусджытæ цæттæгæнæн центрæн. Ахуыр дзы кæнынц Уæрæсейы алы регионтæй, уыимæ, нæ республикæйы специалисттæ дæр», – фæбæрæг кодта республикæйы Парламенты депутат, проект «Иугонд Уæрæсейы сылгоймæгты змæлд»-ы координатор **Дзгойты Иринæ**.

**САНАТЫ Альбинæ**

Барад

# Тæрхон паддзахадон гадзрахаты тыххæй

**РЦИ-Аланийы Сæйраг тæрхондон тæрхон рахаста РЦИ-Аланийы Мæздæджы районы цæрæг, 1975 азы гуырд, Алим Ибрагимовæн. Ахходжын æй кæнынц паддзахадыл гадзрахатæй рацæуынæй.**




Оперативон-агурæн мадзæлтты фæрцы бæрæггонд æрцыд, А.Ибрагимов мессенджеры фæрцы Украинæйы сæрмагонд минæвармæ кæй фæхæццæ кодта уæрæсейаг æфсæддон объекты хабæрттæ æмæ украинаг æнæтæхæг аппараты фæстиуджытæ уыцы объектыл.

Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы слестгæнæг дæлхайад сбæрæг кодта УФ-йы УК-йы 275-æм статьямæ хауæг фыдракæнд «Паддзахадыл гадзрахатæй цæуын».

Тæрхондон А.Ибрагимовæн стæрхон кодта карз уавæрты 14 азы ахæстоны фæбадын, стæй йæ сæрибарыл 2 азы арæнæвæрд æмæ ивар 200 000 сомы.

Тæрхондоны тæрхон бацыд йæ тыхы.

**Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ**

Удварн

# Аргъуантæн – уазнывтæ

**Курдиатджын уазнывгæнæг АЙЛАРТЫ Олланæ цæгатирыстойнаг аргъуантæн бæцæттæ кодта фæндзай уазнывы бæрц. Нывгæнæгæй канд дæсныдзинад нæ, фæлæ ма уды рæсугъд æнкъарæнтæ дæр чи домы, ахæм уæлмонц фæллойыл нымайы Олланæ уазнывгæнæджы дæсныйад. Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы уазнывгæнæн студийæн разамынддæттæг сылгоймаг дзуæртты нывтæ кæны рагон фæткмæ гæсгæ.**

Олланæ уазнывгæнæджы дæсныйад уайтагъд нæ равзæрста. Скъола каст фæуыны фæстæ чызг ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы аивæдты лицейы. Ахуырадæй уæгъд рæстæг студенткæ каст нывкæнынады историйыл фыст чингуытæ. Чызджы зæрдæмæ уæлдай тынгдæр цыдысты зындгонд уазнывгæнджыты конд уацмыстæ.

Фæстæдæр Олланæ ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультетмæ æмæ ам чызг йе 'ргом фылдæр здахын райдыдта уазнывкæнынады дæсныйадмæ. Чызг-иу рæстæгæйрæстæгмæ бацыд кувæндонмæ ракуывдтыты архайынмæ, иуцасдæр рæстæджы фæстæ та Олланæ ссис Мæскуыйы удварнон академийы уазнывгæнæн скъолайы ахуырдзау. Уазнывгæнæджы хæс у нывкæнынады дæсныйады рагон домæнтæ бæстон æххæст кæнын. Нывтæн ахорæнтæ дæр Олланæ аразы æрдзон æрмæджытæй. Айчы бур нымад у ахорæны бындурыл, ахорæнты алыхуызон хуызтæ та конд æрцæуынц минералон бафтауинæгты руаджы.



– Уазнывтæ кæнгæйæ, арæх фæпайда кæнын æрдæгрухсдзыд ахорæнтæй. Ацы ахорæнтæ сæ хуыз дæргъвæтин рæстæг кæй бахъахъхъæнынц, уый нымад у сæ сæйраг хорздзинадыл. Уазнывтæ кæнгæйæ, фæпайда кæнын сусхъæд фæйнæджытæй. Ацы фæйнæджытæн сæ хæрзхъæддзинад цæмæй ма фесæфа, уый тыххæй чъылдымæрдыгæй фидаргонд сты тулдзы хæйттæй. Фæйнæджы уæлцъармæ бафтауынц мелæй конд буаргъæд, – загъта Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, уазнывгæнæг Айларты Олланæ.

Æрмдæсны сылгоймаг йæ зонындзинæдтæй хай кæны уазнывгæнæджы дæсныйад равзарæг адæймæгтæн. Ныр цыппар азы дæргъы Олланæ кусы Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы студийы ахуыргæнæгæй. Фæстæдæр Мæскуыйы удварны академийы уазнывкæнынады факультеты чи ахуыр кæндзæн, амынд студи цæттæ кæны фидæны ахæм студентты. Цыппар азмæ сылгоймаджы раздæры ахуырдзаутæй æртæ адæймаджы систы академийы студенттæ. Ацы аз студи ахуырадмæ райста фараст адæймаджы.

Олланæ кæй скодта, уыцы уазнывтæ æвæрд сты канд нæ республикæйы сæйраг горæты аргъуанты нæ, фæлæ ма Дигорайы, Бирæгъзæнг æмæ Беслæны аргъуанты дæр. Ныртæккæ æрмдæсны кæй цæттæ кæны, уыцы дыууæ уазнывы æвæрд æрцæудзысты Сыгъдæг Нинæйы аргъуаны.

**Вадим ГАНЖА**

Ахуырад

# Ирон æвзагæн кæнынц удуæлдай лæггад

## (ЦИПУ-йы филологон факультеты рауагъды юбилей)

**«Сымах хуызæн хæрзхъæд рауагъд нæм нырма нæ уыд, зæгъгæ, иу нын арæх дзырдтой нæ ахуыргæнджытæ. Ахуыр та нæ кодтой, ирон æвзаг æмæ литературæйы цæджындзтыл кæй нымадтам, абон дæр кæй зонадон-иртасæн куыстытыл ахуыр кæнынц уæлдæр скъолаты студенттæ æмæ скъоладзаутæ, уыдон», – загъта МЫСЫКАТЫ Белæ, 50 азы размæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты ирон æмæ уырыссаг филологийы факультеты рауагъдон.**

Æмæ куыд нæ, фæлтæрдджын хъомылгæнджытæ сын амыдтой зонындзинæдтæ, царды æууæлтæ, ирондзинад æмæ адæймаджы фарн цы хъуыддæгтыл æнцайы, уый сын æнæвгъау уагътой сæ дадзинты. Абон дæр ма хорзæй æрхъуыды кæнынц дзæнæты бадинаг Багаты Никъалайы, Калоты Георгийы, Гуыриаты Тамерланы, Джыккайты Шамилы, стæй – Тахъазты Харумы. Алчи дæр сæ йæ архайдæй арф фæд ныуагъта æмæ уадзы ирон æвзаг иртасынады, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ æмæ наукон кусджыты ног фæлтæр цæттæ кæныны хъуыддаджы. Студентты цæттæ кодтой фидæны зонадон куыст кæнынмæ, наукон архайд бæрзонд æмвæзадыл æвæрд уыд факультеты. Уыдон дæр сæрæнæй архайдтой студентты æрвылазон конференциты, факультеты куысты æмæ, æмткæй райсгæйæ, æхсæнадон царды.







Уыцы рæстæг, зæгъынц, æндæр уыд, арæх æй æрымысынц, 50 азы размæ факультет чи фæцис каст, уыдон. Разæнгардæй ацыдысты скъолатæм кусынмæ. Сæ иутæ нывондæн æрхастой сæхи ирон литературæйы рæзтæн, чидæртæ та – æвзагæн. Хъазуатонæй цыдысты филологон факультетмæ, уыцы рæстæджы скъола каст чи фæцис, уыцы чызджытæ æмæ лæппутæ. Æвзаджы уавæр абоны хуызæн нæ уыд. Уымæн афтæ зæрдæргъæвд рахастой йæ рауагъдонтæ. **Цæллагты Зарифæ** у педагогон наукæты доктор, профессор, кусы Уæрæсейы Зонæдты академийы, ныффыста 350 наукон куыстæй фылдæр. **Мамиаты Изетæ** – кусы ЦИ НИИ-ы, у филологон наукæты кандидат, ис æм 150 наукон куыстæй фылдæр, архайы ахуырадон программæтæ аразыны хъуыддаджы. **Мысыкаты Белæ** йæхи снывонд кодта педагогикæ æмæ методикæйæн, у педагогон наукæты кандидат. Йæ зонадон-иртасæн куыст баст уыд, национ скъолаты ирон æвзагæй куыд пайда кæнæн ис уырыссаг æвзаджы урокты, æмæ иннæрдæм, у «Аланты Ныхас»-ы сылгоймæгты комитеты уæнг. **Æхполæтты Аллæ** у милицæйы булкъон, бирæ азты разамынд лæвæрдта республикæйы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæйæн, ныр та кусы нæ республикæйы Хицауады Сæрдары æххуысгæнæгæй. Журналистикæйы фæндагыл ацыд **Хацырты Ленæ**, дзæвгар рæстæг кусы республикæйы Журналистты цæдисы нымæрдарæй. **Бабочиты Руслан** – республикæйы адæмон поэт, литературæ-иртасæг, публицист, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг. **Хæныкъаты Ростислав** – поэт, тæлмацгæнæг æмæ журналист, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг. Сæ арфæйаг куысты тыххæй **Цогойты Тамарæйæн** лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны ахуырады сгуыхт кусæджы ном, **Дзабайты Аллæ** – нæ республикæйы ахуырады, стæй Уæрæсейы иумæйаг ахуырады кадджын кусæджы ном. Уыцы ном хæссынц **Кучиты Илитæ** æмæ **Цуциты Ритæ** дæр.

Канд ахуырады къабазы нæ басгуыхтысты 1976 азы рауагъдонтæ, Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусджыты нæмттæ лæвæрд æрцыдысты **Мурасты-Дзугаты Риммæ, Аркъауты Джульетæ** æмæ **Черчесты Хъасполатæн**. Бирæ азты Буроны скъолайæн разамынд лæвæрдта **Сырхауты Аллæ**, Алагиры районы ахуырады управленийы йæ хæстæ бæрнонæй æххæст кодта **Тотиты Зарæ**. Сæхиуыл æнауæрдгæйæ зонындзинæдты фæндагыл цыдысты æмæ ног фæлтæрты кодтой сæ фæстæ фæллойы ветерантæ **Дзебысаты Зарæ, Джыгкайты Инессæ, Будтуты Фатимæ, Хуырымты Зæринæ, Кодзырты Оля, Гуыриаты Светланæ** æмæ **Солтанты Ларисæ.** Мурасты Риммæ æмæ Черчесты Хъасполат сты Уæрæсейы Журналистты цæдисы уæнгтæ, Хъасполат ма у Æмбалты Цоцкойы премийы лауреат дæр, Риммæ та – журнал «Мах дуг»-ы премийы лауреат. Кæцы уæлдæр ахуыргæнæндон нæ хæсдзæн йæ сæр бæрзонд ахæм рауагъдонтæй? Азæй-азмæ куыд къаддæргæнгæ цæуынц, афтæ фидардæр кæны сæ хæлардзинад, лæгæй-лæгмæ фембæлынæн арæх нæ вæййы фадат, фæлæ телефонæй кæрæдзимæ бадзурынц, фæфæрсынц сæ царды хабæрттæй. Æххæст кæнынц, ахуыры рæстæг сæ Джыккайты Шамил цæуыл ахуыр кодта, цы сын фæдзæхста, уыдæттæ:

– Шамил нæм тынг бæрзонд æвæрд уыд, царды нын бирæ цыдæртæ амыдта. Йæ лекцитæм-иу æнхъæлмæ кастыстæм, йæ дзуринæгтæ ма йын фыссын дæр хъæуы, уый дæриу нæ айрох, ахæм цымыдисдзинад нæм æвзæрын кодта. Диссаджы адæймаг уыд, – æнкъардæй йæ мысы йæ кæддæры студент Мысыкаты Белæ.



Фæндзай азы фæстæ та ногæй фембæлдысты уæды рауагъдонтæ, фæцин кодтой, сæ мысинæгтæ фæкодтой кæрæдзийæн. Ирон зæххыл зонындзинæдтæ, æвзаджы рæзт æмæ хъомыладмæ уал азмæ цы 'вæрæн бахастой, уый тых та фидæны фæлтæрты 'хсæн макуы байсысæд.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къамтæ ист сты МЫСЫКАТЫ Белæйы архивæй**

## Спортивон фидиуæг



### Хъæбысхæст

# Турнир – Дзæуджыхъæуы




**Абон æмæ райсом (5-6 сентябры) Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Бадзийы номыл спортивон галуан «Манеж»-ы уæгъдибар хъæбысхæстæй цæудзысты «Хæдарцаты æфсымæрты Кубок» рамбулынил дунеон турниры ерыстæ.**

**Турнир цæуы æртыккаг хатт æмæ дзы архайынц æстдæс бæстæйы 180 богалы. Уæрæсейы регионтæй уæлдай ерысты хæцынц: Инди, Болгари, Венгри, Израил, Монголи, Македони, Австрали, Греци, Итали, Молдова, Азербайджан, Таджикистан, Узбекистан, Белорусси, Словаки, Сомих æмæ Казахстаны богæлттæ.**

**Абон бæрæггонд æрцæудзысты, райсом кæронбæттæны 1-аг бынатыл чи тох кæндзæн, уыцы богæлттæ. Ноджы ма ерыс кæндзысты, 3-аг бынæттыл тохмæ чи рацæудзæн, уыцы богæлттæ.**

**6 сентябры сбæрæг уыдзысты ерысты 10 уæзы 1-3-аг бынæттæ чи бацахсдзæн, уыцы богæлттæ.**

**Уымæй уæлдай ма 6 сентябры сбæрæг уыдзæн абсолютон уæзы 1-аг бынат рамбулæг дæр.**

**Турнир, куыд амæй размæ, афтæ та ацы хатт дæр, æнæмæнг, рауайдзæн цымыдисаг.**

*БАСКАТЫ Уырызмæг*

## Хъомылад

# Хæдахуыр кафджытæ

**Битарты Данæ бирæ нæма рацард, йæ чысылæй фæстæмæ уарзы кафын, æмæ уыимæ баст дуне. Къорд азы йын фæлтæрдджын хъомылгæнджытæ кафты сусæгдзинæдтæ ʼргом кодтой сывæллæтты ансамбль «Фидæн»- ы, фæстæдæр та, хъуыстгонд сывæллæтты кафджыты ансамбль «Дети гор»-ы.**

Цардбæллон æрыгон чызг йæ зонындзинæдтæ нæ хæлæг кæны, рæдауæй сæ архайы, йæхицæй кæстæр чи у, уыцы сабитæн раттынил. Сæ сыхы сывæллæттæ йæм куы бахатыдысты, кæфтытæ ма нын сæвæр, уæд ын йæ зæрдæ уымæй балхæдтой. Техникон фæрæзтæ амал кæнын сæ нæ бахъуыд, телефоны цавæрфæнды мелоди дæр ис ссарæн, хæдзæртты ʼхсæн уæрæх кæрт та сын сценæ баивта. Репетицитæ кæнæн зал дæр сæ нæ бахъуыд, бонызхъæд сæ нæ хъыгдардта æмæ сабитимæ цыбыр рæстæгмæ къорд кафты бацæттæ кодта. Сæйраг- дæр та уый у, æмæ йæм сывæллæттæ райгæйæ кæй цыдысты, сæ кæстæрыл цæуы æрмæст цыппар азы. Сыхы лæппутæ тынгдæр велосипедтæ æмæ футболæй хъазынмæ здæхт сты, ацы хатт уыдон дæр хъазуатонæй бавнæлдтой концертмæ цæттæ кæнынмæ.

Æмæ мæнæ ралæууыд уыцы бон. Ног сарæзт æнæном хихъæппæрисадон къорды уæнгтæ рагагъоммæ фехъусын кодтой Дзæуджыхъæуы Леоновы уынджы æхсæзæм хæдзæртты кæрты ахуыргæнæг алыхуызон кæфтытæ бахаста. «Симд», стæй уырыссаг æмæ ныркон кæфтытæ сценикон костюмты нæ акодтой, кæмдæрты-иу кафгæйæ дæр фæкъуыхцы сты, ма гыццылтæ сты, æмæ мын зынгомау уыд семæ архайын, афæллайынц, хъазын сæм цæуы. Аулæфынц, æмæ та кафт ахуыр кæнынмæ рахизæм, – йæ хъуыды райхæлдта, кафты



цæрджытæн, сæ концертмæ сæ кæй хонынц, уый:

– Сæ курдиатæй нын барухс кодтой нæ зæрдæтæ, равдыстой, сæрддæргъы сæ цæуыл сахуыр кодта, уый. Кæй сæ бацæттæ кодта, уый тыххæй Данæйæн ныййарджыты номæй зæгъын бузныг, – зæгъы, кафджыты къорды уæнг **Куыдзиаты Тамикы** фыды мад **Жаннæ**. Æмæ кæд, сæ репертуар егъау нæ уыд, уæддæр æм сæ фæлæ уæддæр, хъихъæппæрисадон артистты концерты рæстæг сæ алыварс дуне цы цардæфсæст æнкъарæнтæй уыд дзаг, уыдонæй ма дзæвгар рæстæг не сцух сты:

– Цы дæтты уый сабитæн? Кæнынц ныфсхаст, адæмы размæ рахизынæн та уый, æнæмæнг, хъæугæ миниуæг у. Се ʼнкъарæнты рохтыл хæцын куы сахуыр уой, уæд сæм тас æмгæрон нал цæудзæн. Ныр дуне нырма йæхицæн дæр æхххæстæй кæмæн нæма раргом, уыцы хæрзуд чызг – **Битарты Данæ.** Ныридæгæн бархийæ хорздзинад кæй тауы йæ алыварс, уый та ууыл дзурæг у, æмæ нæ рæстæджы дæр кæй ис, цард рæсугъддæр кæнынил чи архайы, ахæм рæзгæ фæлтæры минæвар.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

## Зæйæгойты дуне

# Хæрзад хойраг — неси

**Фæстаг рæстæг селекцийы сыгъзæрин фонды несийы стæм мыггæгтæ парахат кæнын райдыдтой халсарты хуыздæр куыстгæнджыты æхсæн. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Неси у, аргъ кæмæн нæй, ахæм хойраджы продукт. Уымæй уæлдай ма йæм ис бирæ хосгæнæн миниуджытæ дæр.**

Ботаникон равзæрдмæ гæсгæ неси у хъармуарзаг зайæгой. Йæ зæнг цалдæр метры ахилы фæйнæрдæм. Йæ райгуырæн бæстæ та у Астæуккаг Ази. Фæлæ ныртæккæ неси кæм нæ зайын кæнынц, ахæм паддзахад нæй. Суанг ма Уæрæсейы хуссайраг районтæй дарддæрæй-дарддæр цæуы цæгатмæ.

Ахæм уазал рæтты пайда фæкæнынц сæрмагонд агротехникон мадзæлттæй æмæ несийы тагъддæр цæттæгæнæн мыггæгтæй.

Ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй неси диссаджы хъæздыг у хæлцады продукттæй. Зæгъæм, сæкæр дзы ис 10-15 процентытæ. Хъуаг нæу аскорбины туагадæй дæр. Уый та адæймаджы организм хъахъхъæны алыхуызон хæцгæ низтæй. Уæдæ витаминтæ Р æмæ Р1 та цармы хус кæнын нæ уадзынц.

Несийы руаджы хойраг хуыздæр батайы, алыхуызон буаргъæдты ивындзинад нывыл кæнын райдайы. Фолийы туагад æмæ витамин Р фесафынц тугдадзинты сæртæгдзинад, туджы æлхъывдад бæлвырд фæхуыздæр вæййы. Каротин, ароматон иугæндтæ, минералон буаргъæдтæ, уæлдайдæр æфсæйнаг æмæ крахмал несийы вæййы — 08 процентыты, клетчаткæ æмæ дзы витамин А кæй ис, уый руаджы цæстæй хуыздæр уынын райдайæм, хæцгæ низтæ фесæфынц. Уымæй уæлдай ма адæймаджы куыстхъомдзинад дæр фæфылдæр вæййы, уæнгрог æмæ йæм æнæниздзинады æнкъарæнтæ фæзынынц.

Бирæтæ, æвæццæгæн, нæ зондзысты, несимæ хосгæнæн миниуджытæ кæй ис, уый. Хистæр кары адæмтæн æй фæамонынц, сæры магъзы æмæ зæрдæйы тугдадзинтæ хъыгдард куы вæййынц, уæд. Тынг пайда у сывæллæттæн дæр. Хъуыддаг афтæ у, æмæ йæ дыргъты æфсæйнаджы æнцонтайæн цæхххытæ кæй ис, уый руаджы неси хорз æхххуыс кæны зæрдæйы тугдадзинты системæйы, уыргты, игæры, чысыл туджы низтæ фесафынæн. Дзæбæх кæны геммороый, сæры рыст банцайы. Уымæй уæлдай, адæймаджы иумæйаг æнкъарындзинад хуыздæр кæны, йæ ахаст хъæлдзæгдæр вæййы.

Ныхас несийы канд хосгæнæн миниуджытыл нæу. Куыд зонæм, афтæмæй ацы хойраджы продукт мыды хуызæн хæрзад вæййы цæттæйæ. Фæззæджы бур неситæ дуканиты куы фенут, уæд сæ балхæнынмæ ма зивæг кæнут. Уымæн æмæ неси у æнæниздзинады хос. Цас дзы фылдæр хæрат, уыйас цардхъомдæр уыдзыстут.

**БЕСЛЕХЪОТЫ Ирæ, дохтыр**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Халсар. 8. Лопъо, дастсæр. 10. Къуырма. 11. Хор ставд ссадæй, бæгæныйы баззайæццаг. 13. Нæлгоймаджы ном. 15. Тымбылæг. 16. Зындгонд уырыссаг композитор. 18. Хъæддаг цæрæгой. 19. Æнæгъдау, æнæфсарм. 20. Паддзахад Европæйы. 24. Нард, ставд. 25. Хъуыдыйады хай. 26. Адæмыхатт Фæскавказы. 28. Сечъынаты Ладемыры роман «Батъарайы ком»-ы архайæг. 30. Картæты æмбырдгонд. 31. Аразæн æрмæг. 32. М. Лермонтовы драмæ. 33. Зайæг кæрдæг, хор.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 2. Хуым цæхæрадоны. 3. «Авд хо»-йæ иу. 4. Ирон фыссæджы ном. 5. Хуыйæн машинæйы хай. 6. Хъæбатыр. 9. Адджинаг. 12. Алцы йæхимæ ласæг, давæг. 14. Афæдздзыд сæгъ. 17. Къæдзæх. 18. Холлаг. 21. Уæрæсейаг адæмыхатты минæвар. 22. Сылгоймаджы рон. 23. Кусарты хай. 26. Сæумæрайсом. 27. Агъуыст. 29. «... гæды мыст нæ ахсы» (æмб.). 30. Хуылфыдзаума.

### Дзуаппытæ 29 августы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 7. Бохъхъыр. 8. Æрмæфтау. 9. Цапуал. 11. «Сагъæс». 12 Зæрватыкк. 16. Ангара. 17. Æхсныф. 18. Уæдæртт. 21. Бæркад. 23. Уарзон. 27. Магадан. 29. Рекорд. 30. Бæмбæг. 31. Хæрæгсаст. 35. Уддзæф. 36. Тæрных. 37. Анакондæ. 38. Бæдæйнаг.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Тонагæнæг. 2. Ахъаз. 3. Архив. 4. Зæвæт. 5. Фæрак. 6. Бадæгчызг. 10. «Лæгау». 11. Скъæтт. 13. Арфæ. 14. Багратион. 15. Астрономи. 19. Дадæг. 20. Рæуæд. 22. Комдзæф. 24. Ронбаст. 25. Президент. 26. Къæнцылар. 28. Адæг. 31. Хæдон. 32. Æмгар. 33. Самбо. 34. Тæгæр.**

## Бакæс, базон

# Райдиан меридиан

**Райдиан меридиан Гринвичи меридиан дæр цæмæ гæсгæ хонынц?**

**1675 азы англисаг къарол Карл Дыккаджы указмæ гæсгæ, Лондонмæ ʼввахс цæрæн бынат Гринвичы чи фæзынд, уыцы астрономон обсерваторийæ хъуамæ пайда кодтаиккой рæстæг бæлвырд кæнынæн, стæй денджызы ленк кæнынæн хъæугæ стъалыты, Хур æмæ Мæйы координаттæ хынцынæн.**

**Фæстæдæр обсерваторийы куысты хæсты нымæц фæфылдæр. 1884 азы Дунеон меридианон конференцийы уынаффæмæ гæсгæ, Гринвичы астрономон обсерваторийыл цæуæг меридианæн географион дæргъвæтиндзинæдтæ бæлвырд кæнын æмæ тæлмон рæстæг нымайынæн раттой райдиан меридианы ном.**

**Ныртæккæ астрономон обсерватори Гринвичы нæй. Ивгъуыд æнусы Гринвичæй Лондоны микрорайон кæй рауад æмæ ацы æууæл астрономон цæстдард æхххæст кæныны хъуыддаг кæй къуылымпы кодта, уыдæттæ нымайгæйæ, 1953 аз обсерватори раивтой Гринвичæй хуссар-скæсæнæрдæм 70 километры æддæдæр ран æрбынæттонуæвæг, XV æнусы арæзт Херстмонсойы галуанмæ.**

# Егъаудæр кратер

**Зæххы уæлцъарыл егъаудæр метеоритон кратеры диаметр æмæ йæ арф цас у, стæй йыл цал азы цæуы?**

**Баззайæг метеоритон буаргъæд кæм ссардæуыд, æппæт ахæм кратертæй егъаудæр у АИШ-ы штат Аризонæйы æрбынæттонуæвæг Барринджеры кратер. Нывыл уавæры баззайæг 200 метры æрфæн кратеры диаметр хæццæ кæны 1200 метрмæ. Кратеры кæрæттæ алыварс быдыры уæлæ 50 метры бæрзæндмæ схызтысты. 1891 азы кæй ссардтой, уыцы амынд астрономон объектыл алыхуызон бæрæггæнæнтæм гæсгæ цæуы 25-50 мин азы. Кратер цы метеориты æрхауды фæрцы сæвзæрд, уый уæз уыд 10 мин тоннæйы бæрц.**



*Æрмæджытæ ист сты гом информацион фæрæзтæй*


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**



Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**



**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ʼрвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 973. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**